



STATE OF NEW YORK | EXECUTIVE CHAMBER

ANDREW M. CUOMO | GOVERNOR

Pou Piblikasyon Imedya: 18 out 2014

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE DEPLWAMAN ADISYONÈL SANT KÒMANN MOBIL DFS NAN LONG ISLAND
POU BAY ÈD ASIRANS A REZIDAN YO KI TE AFEKTE PA RESAN INONDASYON YO**

Èd asirans DFS disponib nan Islip Town Hall nan Lendi, 18 Out, Madi 19, ak mèkredi 20

Gouvènè Andrew M. Cuomo jodia te anonse yon deplwaman adisyonèl Sant Kòmman Mobil Depatman Sèvis Finansye nan Long Island pou bay èd asirans a mèt kay, lokatè, ak biznis yo ki te afekte pa inondasyon ki te koze pa gwo lapli ki tap tonbe a.

“Kòmman Mobil Depatman DFS la pral rete sou plas e li pral kontinye bay èd asirans a rezidan lokal yo kap travay san relach pou retounen sou pye yo apre tanpèt rekò sa,” te deklare Gouvènè Cuomo. “Pèsonèl kalifye pral disponib pou ofri konsèy nan fason pou negosye avèk konpayi asirans ou an, avèk yon kantite aksyon fanmi ak pwopriyete biznis yo ka pran pou ede akselere pwosesis reklamasyon yo.”

Reprezantan sèvis finansye yo pral disponib nan Sant Kòmman Mobil la nan dat 18-20 out, de 9 a.m. a 7 p.m. nan Islip, nan pakin Islip Town Hall ki lokalize nan 401 Main Street.

Anplis, moun yo ki pa anmezi pou vizite Sant Kòmman Mobil la ka rele Liy Dirèk Katastwòf Depatman an nan 1-800-339-1759 pou èd avèk kesyon ki gen rapò avèk asirans.

Yo espere deplwaye Sant Kòmman Mobil la nan lòt lokasyon yo ki te afekte pa inondasyon an nan jou anvan yo, e yo pral anonse dat ak lokasyon spesifik yo byento.

###

Wa p jwenn lòt nouvèl nan sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Executive Chamber | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

WE WORK FOR THE PEOPLE
PERFORMANCE * INTEGRITY * PRIDE

Haitian Creole